

Fason pou Anpeche ak Elimine Mwazi nan Kay la

NYC

Department of
Health & Mental
Hygiene

Department of
Housing Preservation
& Development

Mwazi se yon kalite chanpyon ou kapab jwenn ni andedan ni deyò kay. Ou jwenn kouraman plizyè santèn kalite mwazi diferan Ozetazini, ansanm ak nan Vil New York. Mwazi ka devlope nan zòn ki mouye oswa imid nan kay la. Si ou ekspoze a mwazi, sa ka lakòz reyaksyon alèjik oswa li gendwa deklanche kriz opresyon. Erezman, ou kapab kontwole mwazi si ou rezoud pwoblèm dlo ki alabaz la, pa egzanp repare kote ki koule yo ak diminye imidite, epi netwaye mwazi ou kapab wè.



Kijan mwen kapab idantifye mwazi?

- Mwazi ka gen anpil koulè diferan, tankou gri, nwa, vèt, jòn oswa jòn abriko.
- Mwazi ka sanble tankou li gen pwal, glise oswa tankou poud.
- Sèten mwazi gen yon sant kanni, rans oswa odè tè.
- Mwazi devlope anjeneral nan kote ki imid tankou twalèt yo ak besment yo.

Ki kote mwazi devlope?

- Ou ka jwenn mwazi prèske nenpòt kote ki gen dlo, gwo imidite oswa kondisyon imid. Mwazi devlope pi vit nan tanperati cho ak gwo imidite.
- Mwazi ka devlope sou papye, twal, lakòl tapi miray, pano anplat (Sheetrock), bwa, kras savon, kui ak anpil lòt sifas.

Ki jan mwen ka ekspoze a mwazi?

- Ou ka respire ti moso mwazi yo si ou deranje oswa andomaje mwazi a.
- Ou ka respire tou ti espò tou piti (ki tankou grenn) ke mwazi a gendwa lage nan lè a.



Ki efè mwazi genyen sou sante?

- Sèten moun fè alèji oswa yo sansib a mwazi epi yo ka vin gen sentòm tankou konjesyon, tous ak nen k ap koule.
- Lè ou ekspoze a mwazi, sa ka fè sentòm opresyon yo vin pi mal oswa deklanche kriz yo kay moun ki souffri opresyon.
- Sèten moun gen risk pou fè reyaksyon ki pi grav ak mwazi, tankou moun ki ekspoze a yon gwo kantite mwazi nan travay (pa egzanp, travayè demolisyon bilding yo) oswa moun ki te fè, oswa k ap fè nan moman an sèten pwosedi medikal (pa egzanp grèf mwèl zo oswa grèf ògàn, chimyoterapi).



Si ou panse oumenm oswa yon moun nan fanmi ou gen sentòm akòz ekspozisyon a mwazi, al wè yon founisè swen sante.

Kijan mwen ka anpeche mwazi devlope?

- Repare kote ki koule yo. Si ou se yon lokatè, rapòte pwoblèm lan bay mèt kay ou an.
- Seche zòn imid yo.
- Sèvi ak yon dezimidifikatè pou retire imidite nan lè a.
- Si twalèt ou pa gen yon vantilatè echapman, louvri yon fenèt apre ou fin pran douch.
- Louvri yon fenèt nan kizin ou pandan ou ap fè manje.

Kijan mwen ka elimine mwazi nan kay mwen?

Pou zòn mwazi ki pi piti yo (mwens pase 10 pye kare):

- Kondane zòn ki gen mwazi yo avèk yon fèy plastik ak tep adezif solid jiskaske yo netwaye. Kenbe timoun yo ak bèt kay yo lwen.
- Itilize dlo ak savon oswa detèjan pou netwaye mwazi a sou miray yo oswa lòt sifas di yo.
- Mete gan ki enpèmeyab pandan ou ap fè netwayaj la.
- Seche zòn ki netwaye a nèt.
- Jete tout eponj oswa tòchon ou te itilize pou netwaye mwazi a.
- Jete tuil plafon, tapi ak lòt materyèl absòban ki gen mwazi yo.

Pou gwo zòn mwazi yo (plis pase 10 pye kare) oswa mwazi k ap plede tounen apre ou fin netwaye li:

- Rapòte pwoblèm lan bay mèt kay la. Lalwa egzije pou pwopriyetè bilding ou an retire mwazi ki vizib epi rezoud pwoblèm ki lakòz li a, pa egzanp dlo k ap koule.
- Si yo pa rezoud pwoblèm nan, rele **311**.



Plis Enfòmasyon

Pou jwenn plis enfòmasyon sou mwazi:

- Rele **311** oswa ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche "**mold**" (mwazi).
- Ale sou **epa.gov/mold**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou responsabilite pwopriyetè bilding lan ak fason pou rezoud san danje pwoblèm alèjèn andedan kay:

- Ale sou **nyc.gov/hpd** epi chèche "**mold and pests**" (mwazi ak bèt nuizib).

Pou jwenn yon lis kontraktè mwazi ki gen lisans Depatman Travay Eta New York:

- Ale sou **labor.ny.gov/mold** epi klike sou **licensing** (akòde lisans).

